

**Karitas e Pastoral Sosyal:  
“Tise Refleksyon yo ak  
Metodoloji yo sou Ekite  
ant Gason yo epi Fi yo”**



# TAB MATYÈ

Entwodiksyon.....

## I. Reyalitye inegalite a ant Fi yo e gason yo nan Amerik Latin

nan ak Karayib la .....

1. Yon Reyalitye ansestral baze nan kilti a .....
2. Travay ak ekite. Inegalite nan yon chanjman de epòk .....
3. Janr e Sante .....
4. Janr e Migrasyon: lòt aspè femenizasyon an nan povrete a.....
5. Janr e Edikasyon: yon aksè ki diferan .....
6. Patisipasyon politik: reprezantasyon egalite yo .....

## II. Yon nouvell fason ak yon manyè Inivesèl pou pran konsyans de yon diyite

egal de gason yo epi Fi yo: refleksyon bibliik-teyolojik .....

1. Entwodiksyon.....
2. Lavi ak ansèyman de Jezi .....
3. Mesaj Paulino e lavi premye kominote yo .....
4. Ansèyman Bèje nou yo.....  
Egzòtasyon Apostolik Pos-sinodal: Christifidels laici (1998).....  
Majistè Episkopa Latinoameriken e karayib la .....
5. Enpak kilti a nan konfigirasyon de sibjektivite yo .....
6. Apò konsèp janr an pou refleksyon eklezyal .....
- Pèspektif janr lan .....
- Egzamine tout bagay epi kenbe sa ki bon an (1 Tes 5,21) .....
7. Defi Pastoral yo .....

## III. « Simen pou Rekolte » Aksyon Karitas e Pastoral sosyal sou ekite

nan relasyon janr yo .....

- Ia Etap : Sansibilizasyon.....
- Ila Etap : Fòmasyon.....
  - A. Dyagnostik ak analiz de reyalitye a- wè/ jije.....
  - B. Fòmasyon nan PSES .....
  - B1) Plan travay la nan pèspektif janr lan .....
  - B2) Swivi.....
  - B3) Evalyasyon .....
- IIla Etap: Aksyon .....
- A) Aks tematik yo .....
- B) Aks Transvèsal yo .....

Konklizyon .....

Referans bibliyografik.....

Sijasyon yo pou avanse avèk Tèm nan nivo peyi yo .....



# ENTWODIKSYON

**D**okiman definitif senkyèm (V<sup>a</sup>) konferans Jeneral Episkopa Latinoameriken ak Karayib la, ki te selebre nan lane 2007 la, nan peyi Brezil, eksprime ke “se yon kontradiksyon lamantab ke Kontinan ki gen plis kantite kwayan Katolik yo, se li menm ki genyen plis inegalite sosyal”. Enfomasyon ki pemet nou afime inegalite sa ki gen nan kontinan an, yo terifyan: plis ke desan milyon (200,000, 000) moun nan kontinan an ap viv nan ekstrèm povrete avèk mwens ke de dola (\$ 2) chak jou. Sitiyasyon sa a li kontrè ak yon minorite sektè ki gen prèske tout richès peyi nou yo akimile nan men yo”.

Youn nan tout eleman yo ki bay fòm ak inegalite sa a, epi tou ki montre jan li ijan pou nou pran konsyans se: “sitiyasyon prekè ki afekte diyite anpil fanm. Kèlke nan medam sa yo, depi yo te timoun epi yo te adolesan, yo te viktim de miltip fòm de vyolans andedan lakay yo epi deyò fwaye yo tou: tankou trafik moun, vyolans, domestik ak pèsekisyon sekswèl; gen inegalite nan domèn travay, domèn politik ak ekonomik; prezans eksplwatasyon piblisite bò kote anpil mwayen kominikasyon sosyal yo, ki trete medam yo tankou yon objè ki ap bay benefis ak pwofi.

Nan lane anvan senkyèm (V<sup>a</sup>) Konferans la, peyi ki patisipe nan Asamble general Nasyon Ini yo, kote Deklarasyon Milènè a te apwouve a, yo te asepte travay ansanm pou yo derasinen povrete ekstrèm rejyon an epi tou fè pwomosyon pou devlopman yo. Sa te pèmèt yo fikse trèz (13) objektif pou yo wè kòman y’ap kapab atenn lane demil ken (2015) la. Men, twazyèm objektif la ke yo te ekpoze a, te di konsa: **“pwomouvwa ekite nan janr imen epi nan Fotifikasyon medam yo”**. Pou yo te rive travay byen twazyèm objektif sa a, òganizasyon Nasyon Ini (ONI) te adopte twa (3) sòt endikatè: **edikasyon, travay, patisipasyon** nan politik. Sa te eksplike kòman yon espès oubyen janr imen se yon bagay transvèsal nan aspè estriktirèl sosyete a, epi tou sa kapab genyen gwo repèkisyon nan pwodiksyon richès yo, nan jesyon piblik, nan politik, nan relijyon ak nan konstwi sibjektivite yo, sa fè ke kalite vi medam yo ak mesye yo afekte epi tou sa pwodwi inegalite-enjistis avèk anpil pwoblèm grav ki prezan nan sosyete a e nan lavi legliz yo.

Rezo Karitas-Pastoral Sosyal Latinoameriken ak Karayib gen yon gwo trajè ak eksperyans nan travay avèk Fanm yo, pèmèt yo fè fas avèk fòs pwoblèm yo ke nou sot mansyone yo epi tout lòt pwoblèm ki gen pou rive chak jou. Travay Rezo Karitas la te


**Pastoral Sosyal-Karitas nan kontinan nou an, dapre kontèks chak peyi, fè yon apèl pou ankouraje, “nan limiè levanjil ak Doktrin sosyal legliz, yon pwosesis transfòmasyon nan reyalye zòn ameriken yo”.**

kontibye epi li kontinye ap kontribye nan solisyon pwoblèm Fanm yo ak òganizasyon yo tou. Tout sa yo gen rapò avèk misyon Karitas nan kontinan an, tankou: Ankouraje, swivan konteks chak peyi, epi “nan limyè levanjil ak Doktrin sosyal Legliz, se yon prosesis nan transfòmasyon reyalyite pèp ameriken yo, avèk prensipal aktè ki se Pòv yo ak moun demini yo, pou konstwi nan amoni avèk nati a, yon sosyete ki jis, ki solid epi ki pèmèt nou viv tankou frè ak sè, sa va yon siy Wayòm Bondye a”


Apati de pwòp eksperyans Karitas-Pastoral sosyal fè, li vle asime avèk pwofondè defi pou fè fas ak pwoblèm estriktirèl ki genyen nan kesyon **janr Imen** (maskilen ak feminen). Se yon travay ki pa fasil pou reyalyize. Gen pozisyon ki radikalize, vle pa vle, ki gen pou wè avèk opsyon lafwa nou ki konfòm ak levanjil epi enstriksyon legliz. Nou vle elwanye pozisyon (post) sa yo, paske nou konsyan ke se yon konba antagonik ke yo pwopoze nou. Nou vle afime avèk vigè epi ak yon konviksyon pwofon defans lavi epi pran swen li tou, konsa na va montre valè ke maryaj genyen, valè kefanmi genyen, menm jan Kreyatè nou an, Bondye, te prezante valè sa yo nan pwojè lanmou li.

Avèk dokiman sa a, objektif nou se founi enstriman epi fasilite zouti pou travay Karitas –Pastoral Sosyal yo kapab kontribye nan rediksyon inegalite nan **janr Imen** (maskilen, feminen) ki reprezante yon vyolasyon dwa moun epi tou ki rann posib yon transfòmasyon nan relasyon ant gason e Fi nan legliz e nan sosyete a.

Pou kontinye, n’ap konstate, an premye lye, sitiyasyon inegalite ki egziste ant mesye yo e medam yo nan rejyon nou an (I<sup>e</sup> Pati). Dezyèmman nou pral analize trè brèf sitiyasyon yo swivan lafwa nou genyen. Nou dwe sèvi de mesaj Jezi yo, ansèyman Sen Pòl yo, kèlke tèks Majistè inivesèl yo tou, epi de Episkopa Latinoameriken e Karayib la. Nan kad doktrinal nou pral eksplike, ki sans? epi poukisa? nou okipe nou de pèspektif **janr Imen** (maskilen, feminen) (II<sup>e</sup> Pati). Finalman nou pral ofri kèk sijesyon de aksyon Karitas-Pastoral Sosyal pou kapab byen afwonte pwoblèm inegalite janr Imen nan Kominote yo epi nan group kominite avèk moun ke nou ap travay yo (III<sup>e</sup> Pati).



**I - REYALITE INEGALITE ANT FANM YO  
AK GASON YO NAN AMERIK LATIN NAN  
AK NAN KARAYIB LA.**







## I- Yon reyalite anestral ki baze sou kilti

Nan Amerik Latin ak nan Karayib la, tankou lòt rejyon yo ki gen nan mond lan, youn nan rezon inegalite sosyal ki afekte mesye yo ak medam yo gen relasyon avèk kilti yo. Nan rejyon nou yo, gen yon kilti ki domine sou fason nou ekprime epi de yon valè moral ke depi nou te tou piti, ke nou te resevwa nan fanmi nou, nan lekòl ak nan sosyete a, epi medam yo te resevwa yon kado de enferyorite konparativman ak mesye yo, egzanp: yo egzije mesye yo pou yo vanyan, men pou medam yo soumèt. Se senp fè sa a, ki gen konsekans dirèk nan kalite vi ke medam yo ak mesye yo, ap Mennen: gason toupwisan ki pa pran swen sante yo, epi fi ki souffri nan silans, vyolans nan fwaye yo oswa nan milye kote yo ap travay.

Yon analiz pa kapab egziste sou absans ekite nan relasyon ant mesye yo epi medam yo si eleman kiltirèl sa, ki distribye wòl chak moun nan fanmi an, nan sosyete a, ak nan legliz yo, pa te jwe yon rol fenomenal. Abòde analiz estrikti konjonktirèl yo (ekonomi, òganizasyon de Leta, relasyon pouvwva a) lè nou wè yo sou yon pèspekti de janr (maskilen, feminen) sa kapab ede n' pran konsyans de inegalite nan yon kontèks sosyo-kiltirèl byen detèmine.

Nan kilti patriakal dominan an, avèk tras Machist trè pwisan, nou pretann relege medam yo nan milye domestik, epi mesye yo rezève pou prezante nan espas piblik yo. Men si se nan yon fòm fòm eksplisit oswa nan yon fòm sosyal imajinè, medam yo e mesye yo gen tandans rete nan reyalite konsepsyon de kilti sa.

Nan milye prive, pèspektif de **janr imen** (maskilen, feminen) ede nou revize pou kisa e kòman wòl medam yo ak wòl mesye yo te distribye nan fanmi yo, epi kòman pouvwva a te distribye tou nan fanmi an. Si nou tap ran jan milye piblik yo fonksyone, sa ap pèmèt nou mete klè refòm ak fason kalite relasyon **gason-Fi** yo estriktire nan domèn ekonomik, politik, nan domèn travay ak nan Leta epi nou ta demaske tout inegalite sosyal ki non sèlman rann diyite medam yo vilnerab, men tou li kreye yon obstak jwenn yon vrè devlopman pou zòn yo a.

Nan premye Konferans Mondyal la ki te reyalize nan òganizasyon Nasyon Ini (ONI) nan lane 1975, nan peyi Meksik, sou kondisyon jiridik e sosyal medam yo, yo te retouche yon plan aksyon mundryal avèk yon minimòm objektif; men avèk entansyon pou yo reyisi objektif yo nan dis lane qui ap vini yo, pandan ke yo te santre atansyon yo sou aksè ekite ke medam yo dwe benefisye nan resous yo, tankou: edikasyon, opòtinite pou travay, patisipasyon nan politik, sèvis sante, yon domisil, nitrisyon. Apwòch sa se te yon detou – ki te komanse ap pwofite nan komansman deseni 1970- nan fason ke yo te wè medam yo. Si anvan yo te konsidere medam yo tankou yon reseptè pasif nan apwi ak nan asistans, kounye ya yo wè medam yo tankou yon asosye nan pye egalite mesye yo, avèk menm dwa nan resous yo epi nan opòtinite yo. Yon transfòmasyon sanblab te komanse ap pwodwi nan fason yo wè devlopman an tou, konsa si anvan yo te kwè ke devlopman an te kapab sèvi pou presede kòz medam yo, men jounen jodia, egziste yon akò ki fè konnen ke pa ka gendevlopman medam yo pa patisipe plènmman.

Nan deklarasyon objektif devlopman Milèn 2000 (ODM), Pou rezon sa yo oswa pou yon lòt, òganizasyon nasyon Ini (ONI) qui gen pou objektif fondamantal “**Detwi la mizè ekstrèm ak grangou**” epi enkli konkrètman nan twazyèm objektif la “**pwomouvwa egalite pami janr yo (maskilen, feminen)**”. Kòm endikatè pou elimine inegalite pami **janr** (maskilen, feminen) yo, te etabli: a) aksè egal pou tiFi yo nan edikasyon primè, nan lane 2005 epi nan tout nivo edikatif pou 2015; b) pousantaj fi ki gen anplwa dwe reminere nan sektè agrikol; c) pwopòsyon plas ke medam yo okipe nan palman nasyonal yo. Pou elimine povrete epi pwomouvwa devlopman an, patisipasyon medam yo nan konstriksyon sosyete a dwe asime tankou yon politik fondamantal.

Yon rega ki ta redwi pwoblèm inegalite de janr maskilen e janr feminen nan espas fanmi yo epi nan milye prive, pa te abòde pwoblèm nan, nan tout entegralite li. Se yon fè reyèl ke fanmi, epi tou sa ki pase ladan li, fè pati espas prive a. Men tou, li sèten ke fason ke moun yo relasyon yo andedan fanmi yo fè pati esfè piblik la.

Kòm nou te sinyale anvan, mantalite machist patriakal te mennen nan predominans, nan tout rejyon nou yo, nan kategori panse ki kosidere Fanm yo enferyè ak mesye yo. Sa jistifye aktitud inakseptab ni pou sigesyon ak soumisyon epi, nan ka ki pi mal yo, e ki trè frekan, pratik vyolans vèbal ak vyolans fizik yo. Sa diskrimine medam yo konplètman, pou yo patisipe nan konstriksyon espas piblik yo. Mantalite sa te mennen yo ankò konsidere kòm medam yo tankou yon machandiz. Sa fè mal konstate ke menm medam yo lè yo ap edike timoun pa yo tou, ti fi ak ti gason yo, yo montre yo dakò avèk koutim de sibaltèn sa yo, sa fè yo konvèti kòm konplis enkonsyan e de manyè envolontè yo repwodwi patwon kondwit sa yo e panse sa yo tou nan pwòp fanmi yo epi sa fè ke ti medam ki ap grandi yo resevwa yon fòmasyon pou asepte sitiyaasyon sa a.

Avèk nouvo konfigirasyon sosyete a, chanjman kiltirèl rapid yo, te mete modèl patriyakal la nan yon kriz pwofon. Menm jan ke SELAM nan refleksyon li yo “**Globalizasyon e nouvo Evanjelizasyon nan Amerik Latin ak Karayib la**” te komanse “yon pwosesis pozitif nan evalyasyon diyite medam yo epi nan kapasite ke yo genyen pou yo simonter espri machist la kay mesye yo ki pa bay **jeni feminen** an valè, epi ki redwi kapasite medam yo nan travay domestik, kote ke si gen yon Fanm ki pa koupere, konsa yo retire li nan espas piblik epi nan divès lòt fonksyon direktif nan sosyete a”

Avèk tout sa ki di la, epi le nou swiv refleksyon SELAM yo, nou pa pretann, “inyore gran divèsite ak komplementarite ki egziste pami sèks yo, an konfòmite ak divèsite: **byolojik ak sikolojik**” epi ke tout bagay sa yo gen yon menm fondman natirèl. Wi nou kapab sinyale konotasyon negatif ke detèminasyon istorik ak sikolojik genyen nan divès kilti, nan atribye sèten divèsite pami fi ak gason.

**Nan Regyon nou an, te predomine yon kilti kimodèl ekspresyon ak valè ke nou te resevwa depi nou te piti nan fanmi an, nan lekòl ak an sosyete a- te oprime de fason diferan nan medam yo ak nan mesye yo.**

## 2- Travay ak ekite. Inegalite nan yon chanjman de epòk

Istorikman, mond travay ki peye yo, konsidere gason yo kom aktè santral. Men Fi ki jwen opòtinite enkòpore pwogresivman nan dènye syèk la, epi sitou nan dènye ane yo, parèt deyò nivè sa a. Yo antre mwens lajan, yo pa okipe plas remakab yo, yo okipe travay prekè yo epi travay enfòmèl yo. Anplis, yo gen sou reponsablite fanmi an- fanmi monoparantal- nan kondisyon laboral, prekarite a afekte yon gran nimewo moun. Sa revele yon fasèt de **“Feminizasyon povrete a”** ki sinyale jounen Jodi a kòm yon nouvo espès de povrete.

Genyen anpil rezon ki te motive medam yo enplike yo nan mache travay la, pami yo nou kapab site grav nesèsite ekonomik (pou kapab reponn ak bezwen fwaye a, swa paske gason kay la pap travay oubyen se yon fanm ki pou kont li avèk timoun yo) epi dezi pou reyalizasyon sa ke yo dezire.

Dapre enfòmasyon SEPAL 2005, salè ke medam yo touche nan mache travay la, se yon salè ki toujou enferyè ak mesye yo, tankou nan anplwaye prekè, mal peye epi yon pwodikтивite trè ba, pandan que nan pòs sa yo, yo egzije plizye lane de etid.

Nan lane 1990 ak 2002, diferans janr maskilen yo ak janr feminen yo nan anplwa pwodikтивite ba yo, te tombe apèn yon 3%, akòz ensèsyon laboral mesye yo ki te trè mal, ki te avanse de 43% jiska 46%. Ensèsyon laboral feminen te rete estab. Nan rejyon nou an, popilasyon feminen an te okipe 56% nan travay ki gen pwodikтивite ba yo, pandan ke mesye yo te okipe sèlman 46%. Enfòmasyon sa yo te varye swivan peyi yo: panamá te gen 39%, Bolivi 77%. (Sepal 2005)

Si nou swiv menm sous enfòmasyon SEPAL 2005 lan, salè ou renimerasyon medam yo nan lane 2002 te 69% konparativman ak sale mesye yo. Menm si yo te ap reyalize menm travay, medam yo te kontinye ap resevwa mwens salè ke mesye yo. Diferans salarial parapò ak salè mesye te entimide segman travayè feminen yo ki gen yon endis de eskolarite pi ba (jiska 3 lane). Pase 55% nan lane 1990 a 66% nan lane 2002. Pakont, li rete pi wo oubyen li diminye lanteman nan segman medam yo ki gen nivo eskolarite yo pi wo( ant 10 e 12 lane).Nan 12 zan, (1990-2002), diferans salarial te entimide sèlman yon 4 pwen pousantaj.

Lòt eleman nan inegalite sa ke nou dwe rann nou kont se, medam yo ki kontinye okipe pòs sibaltèn yo. Kondisyon laboral yo, nan anpil okazyon, prekè epi enfòmèl, epi yo pa genyen asirans sosyal. Anplis de sa, mache laboral montre plis preferans pou medam sa yo ki jèn ki pa genyen pitit.

Dènye aspè sa pèmèt nou rakonte, kòm nou fè nan SEPAL refleksyon ke nou te site yo: “anpil òganizasyon ki travay an favè medam yo, eseye fè silans oubyen souzestime valè ak misyon matènite genyen. Yo pa mansyone oubyen yo redwi gran empotans sa genyen nan kilti pwovens yo epi pou sibzistans enstitisyon fanmiye. Kom konsekans, anpil jèn fi, sitou inivèsite yo, yo bay plis enpotans ak karyè pwofesyonèl yo pandan ke yo bliye opsyon pou deveni manman.

### 3- Janr (maskilen, feminen) ak Sante

Sante vle di plis ke ekspektatif vi a.

Ekite nan janr (maskile, feminen) pa vle di to mòbilite ak to mòtalite yo egal pou menm sèks yo, men nou dwe asire nou, ke fi ak gason gen menm opòtinite pou jwi yon bòn sante.

Li enpòtan sinyale ke leta sante ak konpòtman mesye yo ak medam yo gen anpil pou wè nan konstriksyon sosyal de janr maskilen ak janr feminen.

Sosyalizasyon maskilen gen yon efè konsiderab sou sante mesye yo. Li klè ke gran predispozisyon ke yo genyen anvè risk yo, elaji brèch ekspektatif vi a konparativman ak brèch ekspektatif vi medam yo. Vyolans, tabak, konsomasyon alkòl ak dròg, abitud alimantè diferan, mank egzèsis epi yon to swisid elve ki pèmèt nou konprann lanmò prematire lakay gason yo.

Medam yo, kote pa yo epi swivan fonksyon repwodiktif yo, rankontre yon ansanb risk sante ki diferan ak risk mesye yo, menm si yo kapab viv plis tan, yo gen tandans afekte pa maladi nan ta epi kronik, ki gen enfliyans sinyifikatif nan kalite vi yo.

An menm tan, mwens aksè a nitrisyon, mwens aksè a edikasyon, a anlwa epi a renimerasyon fè ke medam yo genyen mwens opòtinite pou jwi sèvis ki gen bon kalite yo.

Lòt aspè nou ka konsidere, menm si medam yo konstitye fòs majè laboral nan sistem sante yo, avèk oubyen san salè, yo kontinye konsantre yo nan nivo enferyè nan ekip laboral la, yo gen mwens opòtinite pou rive nan tèt sistèm politik sante a pou pran desizyon.

Pou rann posib ekite nan binom janr (maskilen, feminen)-sante li nesèsè :

- Ke elimine diferans inesesè yo, diferans enjis yo ak diferans evitab yo nan eta sante e nan sivi a.
- Ke distribisyon resous yo (teknolojik, finansye, imen) fèt byen epi tout moun dwe gen aksè avèk yo swivan nesèsite chak moun.
- Ke gason ak fi kontribye nan finansman sante swivan kapasite yo men non pa selon risk oswa nesèsite pwòp chak sèks, nan etap diferan nan transkou lavi a.
- Ke genyen yon distribisyon jis nan responsablite yo, pouvwa ak rekonpans yo pou medam yo ak mesye yo kontribye nan jesyon santea. Sa enkli ke evalyasyon travay san peye yo ki nan sektè sante a.

### 4- Janr (maskilen, feminen) e Imigrasyon: lòt aspè de feminizasyon ak povrete

Pwoblèm feminizasyon de povrete, ke nou te note anteryèman, gen relasyon tou avèk pwosesis imigratwa yo, ki kontinye ogmante akòz chanjman ekonomik ak sosyokiltirèl ki gen nan epòk pa nou an.

Endispansab nesèsite pou imigre, fas a mank anlwa epi pa konsekans enposibilite pou soutni fwaye, te vle di anpil pou divès fanmi, abandon pasyèl oswa definitif gason

kay la, konvèti pratikman medam yo kòm inik responsab fanmi an. Divès pwovens ak kominote nan peyi nou yo te prèske transfòme nan pwovens kote medam yo ap viv pou kont yo, epi timoun yo ap tan moman opòten an pou yo pran chemen ki elwanye yo de lakay yo pandan ke yo pral cheche yon vi miyò.

Jeneralman se yon fòm ke yo adopte pou yo chèche yon solisyon ak pwoblèm ekonomik yo, migrasyon pwodwi yon modifikasyon nan relasyon janr maskilen epi janr feminen epi nan modèl tradisyonèl fanmi a. Nan tan aktyèl, Amerik latin, modèl fanmi ki gen de paran yo (biparantal) ak timoun yo diminye 46.3% (1990) a 41.1% (2005).

Reyini fanmi yo se yon pwoblèm fondamantal pwòp tan pase yo kote imigrasyon se te zafè gason, men jodi a, imigrasyon ogmante avèk medam yo ki antre nan domèn nan, epi tou sa koze yon pwoblèm de sèks nan aspè laboral la: medam imigan meksiken yo nan Etazini gen yon salè mwayen anyèl 44% an mwens ke mesye yo pandan ke yo reyalize menm travay avèk mesye yo nan sektè “**Sèvis yo**”. Epi tou 31% ap viv nan kondisyon ki pi ba linje povrete etaziinizen yo.

Si nou rapòte migrasyon entèn, nou kapab remake ke genyen yon ogmantasyon enkwayab akòz kwasans fenomèn ibanizasyon yo, dezaz natirèl oswa klimatik, medam yo toujou afekte. Nan peyi Brezil, pa egzanp, nou gen “**Vèv de sechrès**” kote se yon pakèt medam mari yo pati kite yo nan sitiyan etonan, epi yo pote non “**vèv mari yo vivan**”.

## **5- Janr (maskilen, feminen) ak edikasyon: yon aksè ki diferansye**

Pami trann senk milyon (35,000,000) moun analfabè yo ki gen nan rejyon an, 55% se fanm yo ye. Men li sèten ke politik pwopagasyon edikatif la te pote rezilta pozitif anfavè medam yo, men rezilta sa yo pat' egal nan tout kouch sosyal yo: “ opòtinite yo te ekite nan klas sosyal wo a, pandan ke majè diskriminasyon yo nou te rankontre yo nan gwoup riral ki nan mizè yo” konsa yo kenbe diferans lan ant “**trè edike**” epi “**analfabèt yo**”.

Gras ak yon gran envestisman nan edikasyon, to analfabèt la te diminye sòustansyèlman nan rejyon an. Amerik Latina ak Karayib la okipe katryèm plas nan klasman mondial nan zafè depans piblik nan edikasyon, avèk yon 4.4% de Pwodwi Brit Entèn (PBI) rejyonal la, pandan ke Ewòp santral, Ewòp de Lès, Azi santral, Azi de Lès epi Pasifik devanse nou.

Swivan rezilta yon etid ki plase sou tablo de depans piblik pa elèv an fonksyon PBI per Kapita, peyi latinoameriken yo ki plis envesti nan edikasyon Bazik plase nan lòd sa: Kiba, Babad, Sen Vensan epi Grenad, men peyi ki envesti mwens kòb yo se : Gwatemala, Pewou ak Irigwey.

Men tou Kiba, Sen Vensan ak Grenan nan lis peyi ki envesti plis kòb nan ansènyeman segondè tou nan rejyon an. Nan lòt bout la, peyi ki mwens envesti nan etap edikasyon an nou jwenn Gwatemala, Repiblik Dominikèn epi Pewou.

Men pou ansènyeman inivèsite se Kiba, Meksik se peyi ki plis resous dispoze nan kòf piblik pandan ke Chili ak Pewou yo detache yo paske yo fè kontrè a.

Men etid la montre ke medam reprezante meye pousantaj nan patisipasyon yo nan

ansènyeman san pa gen anyen ki regle zafè inegalite de sèks. Menm modèl maskilen ak feminen an mentni nan sal klas yo, menm nan liv didaktik yo, konsa gen yon deva-lorizasyon enstitiye nan premye seri, kote gen plis patisipasyon pwofesyonèl feminen epi siperyorite randman mwayen mesye yo sou mache travay la nan menm nivo eskolè ke medam yo.

Bank mondial te reyalize yon etid nan lane 2003, etid la revele ke gen yon redi-kasyon nan tout peyi nan rejyon an, nan diferans ki genyen ant mesye yo epi medam yo sou zafè edikasyon eskolè a. Nan anpil nan peyi sa yo, nivo edikasyon medam yo sipase nivo edikasyon mesye yo. Nan ka sa, nou jwenn peyi tankou Brezil, Kosta Rika, Venezyela, Ajantin, Jamayik, Nikaragwa, epi Kolonbi, se peyi kote ke nou jwenn mwens timoun ki enskri epi plis abandon eskolè, paske timoun sa yo dwe al travay pou soutni fanmi yo. Non sèlman sa, nan moman kriz ekonomik nan fanmi, premye moun ke paran yo retire lekèl se ti-medam yo.

Ansanb ak lojik predominans pwogram ofisyèl yo, yon adorab eksperyans avèk pwogram “altènatif yo” nan edikasyon popilè te sibi yon kwasans nan Amerik Latin nan. Medam yo te konvèti tankou yon piblik espesifik nan edikasyon en-fòmèl yo, popilè epi altènatif yo, swa paske yo pat’gen posiblite pou yo te aksede nan edikasyon fòmèl yo, swa poutèt ensèsyon nan pwojè eskolarizasyon an.

Daprè yon etid Bank Mondyal (2003), nan edikasyon eskolè, diferans ki genyen ant mesye yo epi medam yo kòmanse redwi nan tout peyi rejyon an. Nan kèk peyi, nivo edikasyon medam yo siperyè a nivo mesye yo.

## 6- Patisipasyon politik: reprezantasyon egalite yo

Rapò SEPAL 2005 lan te deklare, pou Amerik Latin ak Karayib la, patisipasyon medam yo nan palman an li enferyè parapò a mesye yo. Nan relasyon ak lane 1990, nou kapab remake yon kwasans nan patisipasyon feminen nan palman yo, eksepte: Giyan, Salvadò, Ondiras, epi Venezyela. Nan lane 2005, majè patisipasyon feminen nan politik yo, li te przan nan gouvènman Kiba a, avèk 36%, Kosta Rika 35% epi Ajantin 34%. Men kote ki te genyen pi piti kantite Fi nan palman yo se te Ayiti 4%, Ondiras 6%, Gwatemala 8%, Brezil 9%. Yon mank de prezans medam yo nan chaj politik tankou nan palman an ak nan pouvwa egzekiti la, konparativman ak kantite mesye yo ki nan gouvènman yo, se yon endikatè de yon defisi demokratik.


Sepandan gen sèten peyi kote medam yo ap apènn vote, nivo patisipasyon medam yo ak mesye yo egal nan eleksyon yo, men gen okazyon mesye yo plis ke medam yo. Sa eksplike trè fèb reprezantasyon ke medam yo genyen nan politik yo.

Kantite a te vrèman fèb, medam yo ki te rive prezidan kèk peyi nan rejyon an. 1990-1996 nou te genye **Violeta Barrios de Chamorro** nan Nikaragwa, **Mireya Moscoso** (Panama, 1999-2004), **Michelle Bachelet** ( Chili, 2005-2009), **Cristina Fernandez de Kirchner** (Ajantin, 2007-2011) epi, **Laura Chinchilla** (Kosta Rika, 2010-2014). Nan komba pou endepandans peyi yo, medam yo te gen yon patisipasyon enpòtan epi aktif, men li pa toujou apresye de manyè sifizan.










**II. Pran konsyans sou diyite  
ki egal kay mesye yo ak kay  
medam yo, se yon bagay ki  
nouvèl e inivèsèl: refleksyon  
biblik-teyolojik.**





## I. Entwodiksyon

Nou remake majorite moun yo nan rejyon an ki ap kriye pou sitiyaşyon inegalite yo ap antre pi fon nan sosyete a. Evèk latinoameriken yo ak karayib yo te afime ke **“tout vyolasyon sou diyite moun se yon vyolasyon kont Bondye paske nou kreya ak imaj li”**.

Tout sitiyaşyon de diskriminasyon, majinalizasyon, oubyen eksklizyon de nenpòt moun dwe ede nou renouvle e rekonfòte atitud evanjelik nou, konpatisan e liberatè, tankou disip-misyonè Senyè Jezi.

Lè Karitas abòde sitiyaşyon sa yo, li fè yo a pati de yon pwòp idantite eklezial. Plase nan kè legliz, Karitas renmen rete Fidèl ak manda li pou reyone lanmou, pote grenn sab pa li a nan konstriksyon jistis ak lapè nan mond lan. Manda sa a pèmèt li asime, ansanm ak tout lòt moun yo ki gen bon volonte yo, epi kòmanse konprann valè Wayòm Bondye a, angajman pou jenere plis e pi mèyè kondisyon nan vi a, de fason ke tout moun kapab viv diyman nan fratènite.

Chwa Karitas nan Amerik Latin nan ak nan Karayib la se entwodwi pèspektif **janr maskilen ak janr feminen** pou fè mache nan yon kad de beyatitid, bonè, e pi espesifikman de sa yo ki deklare: **“Bienere sa yo ki grangou e ki swaf jistis, yo gen pou rasazyè”**.

Avèk refleksyon sa yo, oswa yon kad konseptyèl, nou vle eksplike rezon chwa sa a, rann klè sa nou konprann sou pèspektif janr maskilen ak janr feminen epi enpòtans yo. Nou ta renmen defann non sèlman akizasyon pwofetik de diskriminasyon ak enjistis kont medam yo, men tou nou ta renmen pwopoze nan (Ille Pati) chemen ak estrateji pwomosyon ki “ kontanple tout kad, tout aspè vi medam yo, a pati de yon fason nouvo epi inivèsèl pou nou pran konsyans sou diyite Fanm yo”.

Nan Karitas nou asime ke jwenn yon solisyon de egalite efektiv pou tout moun enplike antreprann yon ansanm aksyon byen kòdine pou anpeche enjistis de sèks repwodwi. Jezi, ki te bay vi li pou sove Limanite, ap gide nou epi ap ankouraje nou nan chwa la vi a, yon vi onorab, san kras moun pa ekskli. Jezi vle angaje nou nan yon konba pou jistis ak liberasyon de tout moun sa yo ki oprime, epi li kenbe nou fèm nan kous la pou nou fè yo respekte, rekonèt epi apresye medam yo avèk diyite. Se konsa mesye yo ak medam yo pral kapab konstwi ansanm yon lòt mond kote ke se lapè, lajistis ak lanmou ki pral renye chak jou.

Nan premye pati travay sa, nou eseye obsève reyalite inegalite ki genyen nan zafè sèks yon moun (maskilen, feminen) epi enpak majè ke sa gen sou medam yo. Sa pa vle di ke mesye yo rete san yo pa afekte. Si nou ta ekspoze ke inegalite tankou yon pwoblèm sèlman nan medam yo, li t'ap ensifizan. Se yon bagay menm si li diferan kay chak moun pou yon rezon oubyen pou yon lòt, li enplike tout moun.

Nan dezyèm pati travay la, nou vle fòtifye lafwa nou pandan ke nou ap fikse Bondye nan plenitid revelasyon li ki se pitit li Jezi. Nan Kris, Lespri sen anime nou, Legliz

**Chwa Karitas  
la se entwodwi pèspektif  
janr maskilen ak janr feminen  
pou fè mache nan you kad de  
beyatitid, espesifikman de sa yo ki  
deklare: “Bienere sa yo ki grangou  
e ki swaf jistis, yo gen pou yo  
rasazyè”. (Mat. 5, 6)**

fè yon apèl pèmanan pou rejwenn idantite li, fason li sitye li nan mond lan epi pataje misyon ke li te resevwa a. Nou pral sèvi avèk kèk referans nan Bib la ak referans magisteryèl yo tou ki etabli esans egalite nan lòm.

Finalman, nou kapab rann klè konsèp janr (maskilen, feminen) epi enplikasyon yo nan travay espesifik ke Karitas reyalize a, si nou pati de apòtasyon ke la syans fè tou.

## 2. Lavi ak Ansèyman Jezi yo

“An reyalite- Evèk ki nan Konsil Vatikan II afime- Sèlman ministè pawòl Bondye kapab briye ministè lèzòm” (GS 22). Pawòl e aksyon Jezi yo se yon kle pou nou entèprete ministè moun yo. Fikse Jezi, koute li, aprann sa li montre nou epi swiv li ap pèmèt nou dekouvri laverite ak richès de tout sa ki imen.

Lè nou kontinye avèk mesaj de Ansyen Testaman, Jezi aprann nou, san ezitasyon, ke gason ak Fi yo egal an diyite. Fason li fè zèv li, pratik li yo konfime sa.

Nan youn nan okasyon sa yo kote ke Farizyen yo te poze li kesyon sou divòs, pou yo te teste li, Jezi te reponn yo: “**O komansman kreyasyon an Bondye te kreye gason ak Fi, poutèt sa gason gen pou kite manman l’ ak papa l’ pou li ini ak madanm li, epi yo de (2) pap menm moun nan ankò men yo ap konvèti yon sèl chè» (Mc 10,6-8)**. Pawòl sa yo voye nou nan de (2) tèks fondamantal nan antwopoloji kreyen: Gen. 1, 25-31 e Gen2,4-25. Yon lòt pwèn fò ankò, mesye yo ak medam yo, te kreye ak “**Imaj e resanblans**” Bondye. Gn 1,27: poutan gason ak fi gen kapasite pou konnen Bondye, renmen li epi tou revele Kreyatè a. (Gs, 12), yon lòt kote, li di “**li pa bon pou gason rete sèl**” (Gn 2, 18): sosyete ke gason ak Fi kreye se premye ekspresyon de kominyon nan moun. Toujou “**imaj Bondye**”, lòm-gason ak Fi- se “De Nati, yon Èt sosyal, pa kapab viv ni deplwaye kalite li yo san li pa an relasyon avèk lòt moun yo” (Gs, 12).

Pa konsekans, yon Èt imen pa konprann «**li menm**» si li pa nan relasyon avèk yon lòt ki se « ou » ki sanble ak li. «Ou» sa a se yon «èd adekwa» pou dekouvri mityèlman kimoun ou ye epi avèk fòs ou kapab eksklame avèk jwa. «**Wi sa se zo ki soti nan zo mwen, sa se chè ki soti nan chè mwen**». «Ou» rann posib kominyon de « nou ».Gason ak Fi depwi komansman te aple pou yo kolabore ansanm, nan kominyon, nan zèv Kreyatè a.

Nan yon kontèks advès ki te favorize oubyen, ki te tolere omwens inegalite a, nan pasaj Jenèz yo Jezi te raple trè klè ke lè li t’ap ansènye, kreyati li yo ki kreye ak «**Imaj e Sanblans Bondye**», yo egal nan diyite yo epi pa gen yerachi ki plase youn sou tet lòt.

Jezi, ki te plonje nan kilti epòk li a, te aji avèk libète. Atitud ke li te genyen anè medam yo te siprann moun ki t’ap swiv li yo epi tou te etone detraktè li yo. Jezi te siprann disp li yo, se lè li te pale nan plen jou avèk yon fi samaritèn. Men, li te etone Farizyen yo se lè li te kite medam ki te komèt peche yo touche li, lave pye li avèk dlo de repantans zye yo. Men pou Ansyen Saj yo, se lè li te frennen enpetyozite yo pandan ke li te di yo: moun sa ki konnen ki lib de peche ke li lanse premye wòch la

kont medam yo ki komèt adiltè yo. Pou Mat, se lè li te rann li disp tankou Mari sè li, epi pita lè li te envite pou konfese ki moun ki se: **Rezireksyon e lavi a.**

Atitid Jezi konfime mesaj ki nan liv Jenèz la epi tou li sipase yo. Medam yo patisipe nan menm vi divin nan tou tankou mesye yo.

### 3. Mesaj Paulino e lavi nan premye kominote yo

Premye kominote yo, moun ki te ap swiv ansènyeman ak zèv Jezi yo, enkli medam yo tou, nan mityèl kolaborasyon ak mesye yo, nan travay evanjelizasyon an... medam yo profetize, ansenye epi te sèvi kominote yo. Nan salitasyon final de lèt li te ekri Romen yo, Sen Pòl ekprime non sèlaman gratitud anvè moun yo ki te ede li yo, men tou li te mansyone divès Fi tou, tankou (Febe, Prisa, Junia, Maria, Trifena e Trifosa, Perside, ulia, Olimpas), sa siprann nou pou wè kantite fi ki te ofri sèvis yo ak kominote a, epi tou nou ka rann nou kont ke aktivite evanjelizasyon yo te fèt ant gason yo e Fi yo.

Apòt Pòl te temwen lavi nan kominote a ke tout moun te genyen ladan li. Yo te anonse Sali etènèl ki gen nan Kris se pou tout moun san distenksyon Ras, san kondisyon sosyal, de sèks etsetera. Tout Èt imen, se Kris ki te kreye yo, yo reflète esplandè li epi li te kreye yo ak imaj li nan espri li. (col.1, 15-17), (2 Cor 3,18). Nan kris e atravè li menm nou sipase e trasende distenksyon ki separe yo, divizyon ki fè yo ènmi, diferans ki yerachize: “ pa gen ni jwif ni grèk, ni esklav ni lib, ni gason ni Fi, nou tout se yon sèl nan Jezi Kris” (Gal 3,28).

Pandan ke li revele nou idantite teyolojik e Kristolojik de medam yo ak mesye yo, Pawòl Bondye a aprann nou ke pwojè Bondye enkli tout moun. Divèsite vin konvèti kòm yon veritab sous san limit de resous ki pèmèt ke vi sosyal ak kominote yo devlope gras ak apwi tout moun. Gason e Fi aple pou yo jwe yon wol nan Nouvo Wayòm nan. Tout envite pou viv lanmou jenere a, de tandrès la, lanmou de sèvis, lanmou de kominyon an epi pou youn livre yo ak lòt respwòkman. Fason nou ap kapab kreye yon sosyete fratènèl ki jis ak Imaj Bondye, Trinite ki vle yon vi plèn pou tout pitit li yo.

### 4. Ansèyman Bèje nou yo

Majistè eklezial la tounen anonse, yon lòt fwa ankò, laverite sou pesòn imèn. Pawòl pwofetik li a, nan yon mond ki vyole diyite imèn nan divès fom, kontinye denonse vyolasyon kont sa ki pi fèb yo, epi tou kontinye anonse tout sa ki kontrè ak plan Bondye, tankou nenpòt fòm de segregasyon.

#### **Konsil Vatikan II: Gaudium Et Spes.**

Nan konstitisyon Pastoral sou legliz nan mond aktyèl (Gaudium et spes), te deja sinyale ke « Fi yo, kote anyen pat' janm fèt, reklame egalite dwa yo epi se te avèk mesye yo (no 9), Pè konsilye yo egzòte pèp Bondye a pou yo rekonèt ke egalite se

yon bagay ki esansyèl pou tout moun, epi nou dwe travay pou konbat epi elimine nenpòt fòm diskriminasyon nan dwa fondamantal moun : « egalite fondamantal pami tout moun egzije yon rekonesans siperyè. Paske tout moun gen yon espri rasyonèl ki kreye ak imaj Bondye, ki gen menm nati ak menm orijin. Paske Jezi tet libere tout moun, tout moun jwi yon menm vokasyon ak yon desten idantik. Li evidan ke se pa tout moun ki egal sou plan fizik yo, moral epi kalite entèlèktyel yo. Men sepandan, tout fòm diskriminasyon nan dwa fondamantal moun, swa sosyal oubyen kiltirèl, pou motif sèks, Ras, koulè, kondisyon sosyal, lang oubyen relijyon, dwe elimine epi disparèt paske yo kontrè ak plan Senyè a. An verite, se tris ke dwa fondamantal moun ponkò pwoteje jan li ta dwe ye pou tout kote. Se sa ki pase lè nou inyore dwa medam yo, kote yo genyen pou yo chwazi de fason lib yon mari epi anbrase lavi ke yo ta renmen genyen oubyen anpeche yo gen aksè nan edikasyon epi yon kilti egal menm jan mesye yo genyen yo a. (no.29)

Ramase ansèyman ke Ekriti Sakre a ban nou, Prèt konsilye yo tounen raple nou ke fondman diyite imen ak lavi kolektif nan fratènite epi nan lanmou ke n'ap mennen an se paske nou te kreye ak imaj Bondye konsa tou nou fòme yon sèl fanmi (nn. 12-24) lè nou obseve tan pase yo, li klè ke preyokipasyon pou egalite fondamantal de janr imen kapab rekonèt tout moun epi elimine tout sòt diskriminasyon.

### **Egzòtasyon Apostolik pos-sinodal: Christififeles Laici (1988)**

Gran Majistè yo menm aprè ekimenik yo toujou ap re-afime verite sa a sou Èt imen, gason e Fi, responsablite mityèl yo nan reyalizasyon istwa yo. Chemen pou nou pase a se yon chemen de pataj. Mesye yo ak medam yo, yo kondane pou yo asosye yo ansanm nan travay ki rete pou akonpli sou diyite gason ak Fi. Epi de fason patikilye, poun' rekonèt patisipasyon medam yo nan konstriksyon legliz ak devlopman sosyete a.

Se konsa Pap Jan Pòl II te soulinye nan “egzòtasyon Apostolik postsinodal Christifideles Laici sou vokasyon e misyon layik yo nan legliz yo ak nan mond lan”. “Patisipasyon medam yo nan lavi legliz ak nan sosyete a, atravè don li yo, konstitye chemen nesèsè de reyalizasyon pèsònèl yo-sou sa ke jodi a nou ensiste avèk rezon-epi pafwa apò original medam yo anrichi kominyon eklezial epi tou dinamis apostolik pèp Bondye a”.

Chemen sa, jodi a tankou ayè, li gen difikilte: “fas a fòm pi varye yo de diskriminasyon ak majinalizasyon ke medam viktim pou semp rezon paske yo se Fi” se yon ijans” poun'defann ak pwomouvwa diyite pèsònèl medam yo epi egalite avèk mesye yo”

Pouèt sal li nesèsè raple toujou ke: “pawòl ak atitud Jezi -ki se règ enpotan pou legliz- te byen klè sou zafè diskriminasyon an kote li fè konnen pa egziste okenn diskriminasyon nan relasyon avèk Jezi Kris...nonplis pa dwe genyen li tou nan lavi e nan legliz ki se yon lye sen.

Li fè konklisyon pi devan pou li di ke: “Li nesèsè pou pase de yon rekonesan teyorik de responsablite ak prezans aktif medam yo nan legliz, ak yon reyalizasyon pratik”.

## Majistè Episkopa Latinoameriken e Karayib la

Apiye fondman antropolojik ak teyolojik yo nan kondisyon imèn, Evèk latinoameriken ak Karayib yo avèti sou vyolans kont diyite moun, espesyalman kont pòv yo, kont endijèn yo, kont afroameriken yo epi kont medam yo. Nan tèm ki preyokipe nou an, evèk yo aksepte ke sitiyasyon an reklame yon praksis òganize pou ke Fi yo prezan nan reyalyte tamporèl yo, avèk menm dwa e obligasyon, pou patisipe ansanm ak mesye yo nan transfòmasyon sosyete a. Evèk yo sinyale ke se yon angajman eksplisit ijans an favè patisipasyon medam yo nan vi piblik ak eklesyatik, nan devwa de lidè e de patisipasyon aktif nan divès milye, ki pa konpwomèt renonse ak vi fanmi yo e tou lòt chaj ke sa pote. Pou sa li nesèsè yon dyalòg avèk pouvwa piblik yo pou garanti lwa ki akonpanye yon tèl devlopman.

Nan senkyèm konferans, ki te fèt nan Aparesida, refleksyon sou wòl medam yo e nesèsite pou transfome sitiyasyon yo ki oprime epi ki anpeche yo patisipe plènan nan lavi eklezzyastik, familyal, kiltirel, sosyal e ekonomik, kontinye kreye espas ak estrikti ki favorize yon mwayèn patisipasyon. **“Medam yo se ko-responsab mesye yo nan tan kounye a ak nan tan ki gen pou vini nan sosyete nou an”**.

Pou nou rive atenn kolaborasyon medam nou yo nan sosyete a epi nan legliz, Evèk yo pwopoze kèlke aksyon pastoral: a) bay jarèt ak òganizasyon pastoral yo pou ede medam yo dekouvri epi devlope talan ke yo genyen pou legliz ak sosyete a, epi tou pwomouvwa pwotagonis sa avèk tou sa ki posib, talan kay medam yo nou rele li **“jeni feminen”**, b) bay prezans medam yo yon garanti pou yo patisipe nan ministè legliz ak nan planifikasyon e nan pran desizyon yo tou, se kreye plis konfyans la kay layik yo (kwayan yo), c) akonpanye tout asosyasyon medam yo ki ap travay pou lite kont sitiyasyon difisil de vilnerablite sa yo, epi kont ekpilsyon yo tou, d) pwomouvwa dyalòg avèk otorite yo pou elabore yon pwogram, epi lwa politik piblik ki ap pèmèt lavi laboral medam yo rete pi an amoni avèk wòl manman yo gen pou yo jwe nan fanmi an”.

Men tou, nan travay sa yo nou mande patisipasyon aktif mesye yo, paske li pa posib avanse nan kominyon ak resiprosite si medam yo ak mesye yo pa deside travay ansanm. Poutèt sa il ap toujou nesèsè pwomouvwa refleksyon sou empak ke aktyèl modèl kiltirèl yo genyen sou idantite e misyon ke fanmi genyen, nan legliz epi nan sosyete a, pou kreye konpetans ki ap pèmèt yo jwe wòl yo byen nan vi matrimonyal, nan egzesis kòm paran (patenite) epi nan evanjelizasyon an tou.

An konklisyon, Majistè Eklezyal ap kontinye denonse enjistis ki enplike tout diskriminasyon pou rezon sèks epi li sinyale avèk fòs menm diyite nan gason ak nan fi. Se reponsablite tout moun pou atake gran enstans otorite yo pou pèmèt yo rekonèt don sa a, pou yo pran konsyans de egalite fondamantal la ke Bondye te kreye tout moun, ke li se gason, ke li se Fi. Epi konsa tout moun ap kabab jwi yon relasyon egal, pèsònèl epi lib.

**Premye kominote yo, te swiv pawòl ak zèv Jezi, menm medam yo nan kolaborasyon mityèl avèk mesyeyo, nan travay evanjelizasyon an.. medam yo pwofetize, yo ansènye, epi yo te sèvi kominote a,**

## 5. Enpak kilti a genyen nan konfigirasyon sibjektivite yo

Opsyon levanjil, ki enplike atenn yon rekonesans teyorik epi pratik de diyite medam yo, li vle rann vizib kòz istorik yo, kiltirèl yo ak estriktirèl inegalite a, epi tou efè ke inegalite pote pou medam yo ak mesye yo.

Pap Jan Pòl II afime: “ nou eritye yon istwa ki trè kondisyone epi ki rann chemen medam yo difisil, yon istwa ki depresye diyite yo, ki fè bliye prewogasyon yo, ki majine yo jiska redwi yo nan esklavaj”. Lè li antre pi fon nan kòz yo, li deklare: “fòs sedimantasyon kiltirèl yo ki, diran tout syèk pase yo, rete kole nan mantalite yo ak enstitisyon yo”.

Kondisyon sa yo ke nou eritye a vin rann konplike zafè pran konsyans la sou dinyite medam yo. Konsa, kilti ki bay fòm ak mantalite sa yo, komanse kreye imaj ak senbòl negatif, epi abitud ki repwodwi yon movèz kondwit ke nou pa janm kesyone epi ke no upa janm konsidere kòm natirèl. Anpil fi panse li “**Natirèl**” lè yo ap soumèt yo konsa de mesye yo. Konsa tou, sa fè anpil gason kwè ke se pwòp fòs maskilinite yo ki fè yo ap domine medam yo konsa, epi tou sa fè yo rete kole avèk lyen yerachik sa yo.

Sitiyasyon dominasyon ak soumisyon sa yo, ki vin enstore asimetri inaseptab nan fanmi yo e nan sosyete a, se yon reyalite ki la men ki souvan kache dèyè yon mas. Se poutèt sa gen pafwa li difisil pou nou rekonèt sa epi pou nou pran konsyans de sa. Gason yo tankou medam yo gen abitud grandi nan yon milye avèk yon mantalite kote ke yo we li « natirèl » relasyon yerachik sa ki genyen nan de(2) sèks yo e konsekans ke sa pote.

Men tou li difisil disène kilè yon bagay natirèl e kilè li kiltirèl nan distribisyon fonksyon yo e nan espas aksyon yo, paske byoloji te deja kite yon abitud avèk tout tras li : sa ki pi fò domine sa ki pi fèb.

Pa gen dout nan sa ke se diferans yo ki fè gason ak fi yo rann posib eksperyans damou yo, jenerasyon vi a, epi fason nou viv ansanm ak yon entè-chanjman resi-pwòp. Men pwoblèm ki prezante se lè gen pwovokasyon enjis ki poze pou rezon sèks nou. Diferans yo ki soti nan bioloji a pa kapab jistifye sa ke sèten konstriksyon kiltirèl enpoze nou sou maskilinite ak feminite : privilèj mesye yo epi segregasyon ak imilyasyon medam yo. Fòs mesye yo pa jistifye dominasyon yo. Nan kilti nou, lè ou se maskilen sa vle di ou aktif ; men lè ou se fi sa vle di ou pasif epi reseptif. Gason vle di, toujou prezan nan lavi piblik yo; men Fi se sinonim de travay domestik epi travay prive. Maskilen tradwi yon reyèl posiblite pou yon salè siperyè, men lè ou se Feminen sa vle di ou dwe reziye ou avèk sa yo ba ou menm si ou reyalize menm travay ak mesye yo. Se yon fè ke nou pa pakab inyore ke sosyete nou an ap soufri yon enjistis danble pou senp rezon ke ou se gason oubyen ou se Fi.

«Maskilen» ak «Feminen», kòm konstriksyon kiltirèl, yo kondisyone avèk istwa, abitud yo, reprezantasyon yo, edikasyon, pa toujou fè jistis ak diyite gason ak Fi.



## 6. Apò ke refleksyon legliz pote sou konsèp Pespektif janr an (maskilen, feminen)

Lè nou gade ak lafwa, se toujou yon enperatif pou envestige, si inegalite yo ki genyen ant mesye yo ak medam yo se byoloji ki detèmine yo, plis ankò, se li ki detèmine reprezantasyon kiltirèl yo ak sosyal yo nan yon tan ak yon konèks detèmine. Se yon devwa enkontounab men ki parèt enposib chanje yo, si inegalite yo atribye kòm konsekans inevitab, konfigirasyon bioloji an.

Kategori «janr» an- tankou yon medyasyon analitik- pèmèt envestige nan sityasyon konkrèt yo ki genyen chak jou nan lavi a, epi lyen sosyal yo ki genyen nan inegalite ki egziste a, nan relasyon ant gason ak fi yo. Analize reyalyte a swivan yon pèspektif de janr pèmèt rekonèt ke inegalite a pa vini de byoloji, men li vini de aspè kiltirèl e senbolik yo de idantite ki konstwi a pati sèks byolojik gason ak fi yo, pandan ke nou inyore fondman li a pou konfigirasyon pèsonèl epi, an menm tan li ede nou devwal pouvw ki genyen nan lyen entè-pèsonèl yo. Sa vle ke «maskilen», «feminen», menm si yo gen fondamn ak rasin nan byoloji imèn-diferans sèksyèl ant gason e fi yo- asime yon fòm istorik ke kilti a, koutim yo, reprezantan yo, edikasyon ke nou resevwa, kondisyon. Li evidan, nan kontèks kiltirèl kote nou fèt epi grandi atire yon eritaj ki «make» nou oubyen ki kondisyon tou, an menm tan eritaj sa fasone mantalite ak enstitisyon nou yo nan divès moman nan istwa a.

### “Egzamine tout bagay men konsève sa ki bon an” (1 Tes 5,21)

Nou konsidere ke pèspekti ke nou genyen sou janr lan kapab itil tankou yon kle emenetik pou entèprete e pou fè lèkti reyalyte ak evenman ki gen nan Istwa a. Avèk sa li posib pou disène wòl jenerik yo, avèk yon espri kritik, rezilta kilti a, ki atribye ak mesye yo epi medam yo ; kesyon estanda ki etabli yo epi ki depase modèl ki parèt alyene yo. Epi konsa n'ap kapab imajine, ekspoze epi atenn egalite janr yo.

Nou konsyan ke enkòporasyon kritik de pèspektif sa a enplike mete dekote pozisyon radikal yo ak pozitivis yo ki - Majistè eklezyal te rejte yo- anile diferans seksyèl yo oswa konsidere ke pou restitye ajouman oswa enjistis kont medam yo, li nesèsè yon aktitud opozan e dyalektik nan repons yo kont mesye yo. Nou vle rejte ouvètman «**ideyoloji sou janr**» menm fason ke senkyèm (Ve) konferans la te di li, «Chak moun kapab chwazi oryantasyon seksyèl li san li pa baze sou diferans yo ke nati imèn bay la». Sa te pwovoke chanjman legal ki te blese diyite maryaj gravman, respè pou lavi, epi idantite ke fanmi genyen». Nou asime kòm vrè defi ak travay difisil sa pou nou bay yon lòt sans avèk konsèp «**janr**» fason legliz aprann nou an.

Li parèt enpòtan analize tout tras ak kondisyon kiltirèl yo jis pou nou konprann ke fonksyon ke sosyete a bay ak kesyon sèks la kapab chanje nan diferans kiltirèl ak nan istwa, epi tou, diferans byolojik yo pa kòz inegalite nan janr imen. Poutan, sityasyon

Pèspektif de janr maskilen ak janr feminen kapab itil kòm yon kie emenetik pou entèprete e pou fè lèkti reyalyte ak evenman yo ki gen nan Istwa


inegalite yo ki gen ant mesye yo e medam yo, -tankou aksè limite ke medam yo genyen nan edikasyon-, difikilte pou jwenn yon travay sifizan, disparite nan retribisyon nan menm anplwa a, segregasyon ke divizyon seksyèl koze nan travay yo- se pwodwi de yon sosyete ki òganize sou yon estrikti enjis men non pa sou yon baz biolojik detèmine. Fòk nou rann vizib sitiyasyon sa yo epi antreprann chemen pou yon chanjman ke enpak politik pral kreye gan , epi sa pral pèmèt etabli yon sosyete pi jis ak egalite.

Karitas nan Amerik Latin ak Karayib la te chwazi pou li te entwodwi pèspektif janr (maskilen, feminen) kòm yon enstriman valab, pou rekonèt enjistis ke mesye e medam yo aksepte tankou yon bagay natirèl, san ke se pa vre, e yon apwòch entegral, depi nan òganizasyon enstitisyonèl entèn yo jiska nan plan ak pwòje travay yo. Avèk opsyon sa, nou deside travay pou rekontwi yon vi pi jis e ranpli pou tout moun, e ki reponn fidèlman ak ansèyman Jezi ak Legliz te ban nou an.


## 7- Defi pastoral yo

De tout konsiderasyon ke nou reyalize nan dezyèm pati sa, jayi de fason natirèl, kèlke priyorite pou aksyon pastoral la. Nou pwopoze yo konsa :

- Fòtifye fason pou pran konsyans pou yon diyite egal ant gason e Fi yo.
- Edike nan rekonansans aspè kiltirèl yo, senbolik yo ak sosyal yo, ki bay inegalite yo fòm ant janr (maskilen, feminen) yo san yo pa siprime diferans biolojik yo.
- Aprann rann « vizib » mekanis « natirèl » de opresyon yo
- Ankouraje kreyativite e reyalize tout transfòmasyon ki posib nan modèl ki domine yo, lè moman an rive pou nou fè sa.
- Ofri atansyon espesyal ak vwa diskrimine yo pou kesyon janr an, epi koute rapò ke yo rakonte, fasilite dialòg yo epi ankouraje yo nan esperans yo.
- Travay ansam, mesye yo ak medam yo, pou bay pwomosyon ak jistis la epi denonse tout sitiyasyon ki diskrimine e ki rann enjistis la envizib.
- Egzès nan patisipasyon espas piblik yo pou pwokire chanjman ki nesèsè yo.
- Egzije kominote yo, rekonèt tout moun ak menm dwa, menm egalite ak menm opotinite yo.
- Kreye espas epi inisyatif ki pèmèt eksperimante avèk jwa kominyon respwòk la.



**III. “Simen pou rekolte”: aksyon  
Karitas ak Pastoral Sosyal pou  
egalite nan relasyon janr yo  
(feminen, maskilen)**





## Entwodiksyon

Nan dokiman sa, nou asepte defi a poun' reflechi e revize, swivan pèspektif janr, pratik pastoral nou yo nan rezo Karitas-Pastoral sosyal nan Latinameriken ak Karayib la.

Preyokipasyon pou inegalite-enjistis janr yo, pa yon bagay nouvo nan istwa aksyon pastoral Karitas nan rejyon an. Vyolans domestik, povrete e lamizè nan fwaye kote papa abandone fwaye yo epi se manman yo ki asime reponsablite yo, mank aksè ak sante, edikasyon, asirans sosyal, anplwa, asistans sosyal, te objè de anpil pwogram ki te reyalize e ki ap ekzèse jis jounen jodi a.

Gras ak aksyon pastoral yo, Karitas te kontribye e ap kontribye nan rechèch gro pwoblèm ke medam yo ak òganizasyon yo ap simonte. Se te apati eksperyans sa a ke nou te santi bezwen poun' te afwonte kòz estriktirèl yo de inegalite ant mesye yo e medam yo.

“**inegalite –enjistis**” nou bezwen travay non sèlman avèk medam yo men tou avèk mesye yo, paske se yon relasyon ant janr maskilen e janr feminen. Pwoblèm yo gen relasyon, epi efè sou tout moun. Sa vle di, travay poun' enkli medam yo de fason izole san nou pa rann kont de mesye ni relasyon ke yo abitye genyen, pa pèmèt nou atenn objektif la, men tou pwoblèm nan pa geri adekwatman orijin lan ak koz enjis ki ekskli medam yo.

Nou vle ke nan twazyèm pati dokiman sa a, nou sijere kèlke endis pou estruktire kondwit rezo Karitas-Pastoral Sosyal nan Latinameriken ak Karayib depi yon metodoloji ki asime defi sa yo:

1. Jenere opòtinite de sansibilizasyon ak konpreyansyon sou tèm nan milye sosyal yo, dyosenen, pawasyal e kominote.
2. Founi zouti ak ekip yo pou ke, atravè aktivite de fomasyon ak fomasyon, dote de eleman bazik pou diagnostik yo, planifikasyon yo, evalyasyon ak swivi yo, kapab enkopore nan travay la pèspetif janr yo.
3. Rann transvesal pèspektif janr yo nan aksyon kotidyen Karitas-Pastoral Sosyal, swa nan yon oganizasyon entèn, oubyen nan aksyon gwoup baz yo.
4. Konnen swivi politik piblik ki egziste yo epi ki tonbe nan rechèch chanjman estriktiral yo.

Kòm chemen metodolojik, nou sijere kouri twa etap: sansibilizasyon, fomasyon epi aksyon.

### Etap I. Sansibilizasyon

Premye etap sa dwe konsidere tankou yon pòt antre nesèsè pou ekip yo nan divès nivo (nasyonal, dyosenen ak parwasyal) epi gwoup kominote yo komanse pèsevwa e

**Nou te kòmanse pran konsyans pwogresivman, pou nou afwonte sitiasyon enjistis sosyal yo ke “inegalite-enjistis” koze, epi nou bezwen travay non sèlman avèk medam yo men tou avèk mesye yo, paske se yon relasyon ant janr maskilen e janr feminen.**

rekonèt fòm ilegal janr yo ki koze prejidi aksyon pastoral la ak travay devlopman an favè yon mètè jistis ak pè sosyal.

Nou dwe atikile nan twa moman: a) Rekonèt poukisa tèm nan epi kesyon reyalite a (premye pati dokiman sa a); b) Rekonèt epi asime ansèyman Jezi e Legliz ( dezyèm pati dokiman sa); c) Komansè revize pwòp temwen ak aksyon pastoral.

Yon fwi imedyà de etap sa kapab konprann nesèsite pou asime politik enstitisyonèl yo ki fòtifye ekperyans egalite janr yo nan ekip yo epi ki korije, si li nesèse, yon mod de vi ak pratik ilegal yo.

Si ekip la te kapab viv chak moman nan twa moman sa yo de sansibilizasyon, li ta genyen baz sifizan e nesèse pou pase a lòt etap yo.

## Etap II. Fòmasyon

Fòmasyon sa, sèlman dwe komansè lè ekip la oubyen kominote a pakouri etap sansibilizasyon an. Pretann fòmè a tout moun ki pa te pran konsyans de pwoblèm yo ki abouti a echèk e rekile nan chemen metodolojik.

Etap sa a konte tou sou diferan moman : a) dyagnostik reyalite e analize reyalite avèk yon rega evanjelik-teyolojik ; b) Fòmasyon pou aji sou Planifikasyon yo, Swivi, Evalyasyon epi Sistematizasyon (PSES)

Lòt lekti ki kapab ede nou nan pwosesis fòmasyon yo, kapab se sa yo ki rapòte tèm tankou dwa moun, devlopman soutnab, milye anbyan, gesyon risk yo, politik piblik...

### A) Dyagnostik ak Analiz de reyalite – obsève/jije

a) *Dyagnostik*. Dyagnostik la dwe reyalize a baz de twa (3) aks vektoryèl: premyèmman, leve pwoblèm entèn yo, desyèmman, verifiye pwoblèm janr yo nan kominote aksyon yo, twazyèmman, politik piblik yo.

Leve pwoblèm yo dwe trè detaye. Epi tou fòk nou soulinye selman pwoblèm ke ekip yo vize epi ki kapab afwonte, evite, dekourajman ke santiman enpwisan ak enkapasite pwovoke.

Dyagnostik dwe anchaje pou defini pwoblèm yo, nan milye entèn, nan kominote yo (omwens youn nan gwoup de baz) avèk relasyon ak politik piblik yo.

b) *Analiz*. Aprè nou fin dyagnostik pwoblèm nan, li enpotan reflechi epi eklere pwoblèm ki pi enpòtan yo nan yon kad konseptyèl de dokiman sa a (Ile Pati). Doktrin sosyal legliz, Dokiman de Aparecida, etid konjonkti yo de chak zòn chak chak rejyon, epi tou lòt etid ke ekip la jije enpòtan e adekwa pou moman ke ekip la ap viv la.

Li enpotan chèche tèks adekwa sou reyalite travay sosyal Legliz yo, paske tèm sa genyen arèt polemik, epi sans ak entansyon pou taravay ak yon tèm diferan. Fòk nou konprann ke etid yo pa pwodwi ni estimile rezistans ki pa nesèse.

Yon lòt lekti ki kapab ede nan pwosesis fòmasyon an se lòt nou rapòte tèm tankou dwa imen, devlopman soutnab, milye anbyan, jesyon risk yo, politik piblik..Men tou etid yo ki devlope aspè sosyolojik e antwopolojik sou pèspektif janr ak relijyon.

## **B) Fòmasyon nan PSES ( Planifikasyon, Swivi, Evalyasyon, Sistematizasyon)**

Nan moman sa, nou dwe ofri enstriman pratik de PSES (Planifikasyon, Swivi, Evalyasyon, Sistematizasyon), chwazi kèk eksperyan pilòt ki enplike travay entèn yo, travay an gwoup de baz ak politik piblik yo.

Nou dwe enkli tou nan moman sa, pwodiksyon de yonn enstriman ki ede devlope travay sou janr maskilen ak feminen.

Yon PSES avèk yon pèspektif de janr dwe adopte de (2) ang: 1) òganizasyon entèn  
2) Relasyon de janr nan gwoup kominote yo.

- 1) Nan òganizasyon entèn de estrikti enstitisyonèl, nou dwe egzamine konpozisyon kantitatif e kalitatif ekip yo swivan pèspektif janr lan; verifye si metòd ki adopte a li enkli epi li favorize oubyen li pa favorize patisipasyon medam yo ak mesye yo nan kondisyon de egalite; pondere distribisyon pouvwa nan ekip yo, egzamine si materyèl didaktik yo reflète yon pèspektif de relasyon ekitab de janr yo epi tou si relasyon nan travay yo tradwi relasyon sa yo tou.
- 2) Travay avèk gwoup kominote yo dwe komanse avèk pwogrè nan eksperyans gwoup la fè ak pwoblèm yo, espesyalman sa yo ki devye relasyon Gason-Fi, epi rechèch solisyon ki anfèmen yo. Apati de la, nou pral kapab dialoge sou pwoblèm janr yo, pandan ke n'ap chèche konnen rezon ki eksplike egzistans li epi tou elabore estrateji ke gwoup la pral adopte pou li rezoud yo.

### **B1) Plan travay nan pèspektif janr lan.**

Nou kapab adopte yon plan espesifik nan kesyon janr yo oswa yon planning jenerik de aksyon Karitas nan yon pèspektif janr lan oswa de (2) kòz ki fè yon sèl.

#### *1) Plan espesifik*

Nan plan sa a, kesyon janr yo abòde tankou yon tèm espesifik; avèk yon tan defini epi enpleman aspè teyorik ak pratik. Konpòtman sa li adekwa pou reyalite ki ponko sansibilize travay sa nan pèspektif sa. Prensipal risk li, se rann posib yon konvèsasyon nan kesyon janr yo, epi asime yo tankou yon bagay pou konstwi, yon tèm senp pou devlope.

#### *2) Plan jeneral nan pèspektif de janr an: transvèsalite*

Nan mod plan sa, nou eseye ekspozè tout aksyon-aktivite yo dapre pèspektif janr (transvèsalite) epi pa sèlman kèk aktivite espesifik yo. Se pa pale de kesyon de janr men nou dwe toujou chèche egalite nan tout pratik ke yo reyalize.

Aktivite yo pa parèt nan plan an anba ekrito de janr yo, men asime yo, swivan yon pèspektif, ki gen avantaj, tonbe nan pratik kotidyen yo de enstitisyon an, sèlman nan kèk pwojè oswa pwogram patikilye. Pou sa yo bezwen yon apwòch sistematik, kontini, gran e entegral.

Kanta pou evite yon enflasyon nan responsablite kotidyen yo nan rezilta plan sa, li enpotan:

- a) Evite jere pwosesis non-responsab, bagay ki rive lè yo tout responsab, men pèsòn pa asime responsablite de manyè dirèk epi konkrè.

- b) Pa enkòpore tranvèsalite janr lan de manyè espontane oubyen entwitif, men pwojte avèk swen nan chak pwogram e aktivite, an menm tan mentni yon fleksibilite entak.
- c) Planifye aktivite yo avèk yon finalite detèmine distenk avèk kesyon janr lan, men pandan n'ap enplemanste yo, nou asime pèspektif janr lan. pa egzanp: yon pwojè ki chèche bay tout moun aksè ak dlo potab a X kantite fanmi, nan yon kominote Y, e pandan yon tan Z. Yon aktivite kapab repoze sou analiz orè, dire epi konvokasyon pou reyinyon yo nan kad pou garanti ke medam yo ak mesye patisipe ladan li.
- d) Sistematize pwosesis enplemantasyon transvesal la de pèspektif janr lan, fè ke tout moun ki travay nan planifikasyon, divizyon travay yo, enplemantasyon, swivi e evalyasyon a, ki patisipe nan sistematizasyon.

Pèspektif janr lan enplike nan fè transvesal tout dimannsyon de vi chak jou, epi pèmèt transfòmasyon mikwo e makwo sosyal nan relasyon ant gason e fi. Yon planifikasyon patisipatif, swivi e evalyasyon dwe,

- a) Akòde privilèj patisipasyon aktif de gwoup istorikman oprime-ekskli.
- b) Pran prekosyon nan seleksyon metòd yo ak materyèl yo pou amplwaye nan aprantisaj e fòmasyon yo.
- c) Fotifye òganizasyon fomèl yo e enfòmèl yo, gwoup oprime-ekskli a
- d) Pran kont de lyen ant janr ak klas oubyen Ras nan relasyon ak aksè ekitab nan resous e nan sèvis yo.

### 3- Konbinasyon de (2) tip de planifikasyon

Kombinezon li adekwa lè enstitisyon an ap viv reyalyte konplèks epi yon elwayman, nan aksyon yo, de tout pèspektif janr. Nou konsidere ke sitiyasyon sa gen abitud rive nan Karitas.

Prensipal risk nan sitiyasyon sa yo, se planifikasyon ki soti nan aktivite espesifik janr yo san egzijè ke pèspektif li a enkòpore nan rutin enstitisyon an. Li evidan ke, nan yon pwosesis enstitisyonèl sansib, li nesèsè jenere aksyon espesifik ki abilite pou travay nan pèspektif de janr, men pa ta dwe kanpe pwen sa.

### **B2) Swivi**

Swivi se yon manyè pou verifye si objektif ak reziltado yo ke nou ap espere sou egalite janr an sòti byen avèk distribyon planifikasyon an. Pou sa li nesèsè prevwa ke endikatè yo ede nou mezire efisyans aksyon ke nou antreprann yo.

Pa egzanp, endikatè sa yo kapab sèvi, swivan ka a: ekilibre kantite gason ak fi ki prezan yo; patisipasyon aktif de tout moun nan diskisyon ak nan desizyon yo; langaj ke nou anplwaye, metòd ki asime, materyèl didaktif ki itilize, nou sijere ke endikatè yo ke nou chwazi yo ede nou bay swivi nan jesyon an (swivi entèn) epi nan rezilta yo (swivi de baz).



### **b3) Avaliação**

#### **B3) Evelyasyon**

Evelyasyon se pa yon moman final pwosesis la, men se yon pati pèmanan de li. Sepandan li pèmèt tise refleksyon sou chanjman nan re-adrese aksyon yo ke chanjman yo pwovoke si li nesèsè, epi fòtifye aprantisaj ak satisfaksyon ke nou atenn nan ekperyans, ki pèmèt konsa jenere pwosesis nan pran nouvo desizyon. Evalye enpòtan paske li pèmèt nou mezire efektivite, efisyans epi randman de aksyon yo ke nou antreprann sou pèspektif janr yo.

Nou sijere ke evelyasyon an dwe reyalize diran tout pwosesis ki anbrase: estrateji, aktivite, metòd, teknik ak pwosedi ke yo itilize. Kesyon sa yo kapab ede nou:

- Eske chanjman yo rive nan kominote yo? Jiska ki pwen?
- Eske estrateji ki adopte yo, metodoloji ak materyèl didaktik yo efikas, efisyans e sifizan pou atenn objektif ki te etabli a?
- Kòman temwayaj sou egalite a ye nan moun ki nan Karitas yo? Eske ekip la prepare e kapasite pou travay swivan pèspektif janr?
- Lè nou tèmine pwosesis la, evelyasyon kapab oryante nou: Eske objektif ki te ekpoze a, li egzekite? Anka ke kèk aksyon pa ta egzekite, Ki rezon kifè sa? Sa kifèt yo, eske yo ede atenn objektif yo? Eske gen yon relasyon ant pri ak benefis? Eske yo depanse sa yo te prevwa a? Li te anpil? Pa anpil? Poukisa?
- Nan defi ke nou te chwazi yo, kisa nou te rive simonte? Kisa nan yo nou simonte yon ti pati? Kisa nan yo nou simonte majè pati? Kisa nou pa rive simonte? Epi ki nouvo defi ki parèt?
- Nan kominote yo, eske nou obsève yon chanjman nan aktitud janr yo ki favorize kounye a kòm yon paradig pou egalite a.
- Temwayaj, metodoloji epi materyèl didaktik, eske yo sifizan pou travay pespektif yo?
- òganizasyon entèn de enstitisyon an, eske sa li an favè oubyen rann difisil travay pèspektif janr an?

**evalye enpòtan, paske li pèmèt nou mezire efektivite, efikas, efisyans e randman aksyon yo nan pèspektif janr yo (maskilen e feminen).**

## **Etap III: Aksyon**

Etap sa vize aksyon Karitas-Pastoral Sosyal nan milye entèn e avèk gwoup de baz yo, nan ensidans politik piblik yo.

Pou sa nou asèpte kòm referans aksyon, aks priyorite yo (tematik yo e transvesal) asime nan planifikasyon general de SELAKK 2007-2011.

### **A) Aks tematik yo**

#### **I. Jistis, pè ak rekonsilyasyon**

- Garanti pespektif de egalite janr yo nan fason nou travay konfli yo, apati de yon analiz jiska nou jwenn solisyon yo.

- Tavay pou yon relasyon de janr pi jis epi de fòm regilye.
- Fòm epi akonpanye tout travay que ekip yo reyalize nan kominote yo.
- Favorize divès fòm vi ki pi jis e rekonsilye, pandan nou enkòpore endikatè janr yo.

## **2. Migrasyon ak trètman moun yo.**

- Ekite nan janr ak egalite nan dwa moun yo.
- Travay, de manyè diferan e adekwa, avèk medam yo ki viktim vyolans seksyèl ak medam yo ke yo ekplwate nan domèn laboral yo.
- Enkòpore pespektif janr lan nan pwoblèm migrasyon an
- Travay avèk otoritè yo pou amelyore trètman medam yo pou evite ekplwatasyon de kondisyon medam imigran yo. Fè sa antre nan chanjman politik yo ki pwomouvwa diyite fanm yo.

## **3. Milye anbyan, jesyon risk ak emèjans**

- *Defans ak pwomosyon lavi a.* Gason ak Fi se santral preyokipasyon akòz milye anbyan yo
- *Patisipasyon sitwayen.* Favorize egzèsis sitwayen de medam yo ak mesye yo nan konsepsyon ak egzekisyon lwa yo ak politik pou pwoteje milye anbyan an.
- *Pwotagonis.* Rann vizib apò medam yo ak mesye yo nan jesyon soutnab milye anbyan an avèk nan konsèvasyon byodivèsite a.
- *Analiz janr an pou detèmine bezwen espesifik yo, kapasite ak kontribisyon aktyèl de fanm ak gason dil, timoun yo, adolesan yo, ansien yo nan sitiyasyon de emejans yo.*
- *Planifikasyon pou sipò aliman* pondere sitiyasyon nitrisyon an. Teni kont de diferans yo ant gason ak Fi yo nan moman pou evalye dives nesite nitrisyonel nan timoun yo, medam yo, mesye yo, adil yo a kan ansyen yo. Se repsonsablite tout moun pou kontribye nan sekirite alimante.

## **4. Devlopman imen entegral e solidè**

- Devlopman soutnab e solidè, e entèkiltiralite. De sa ki lokal ak sa ki global san eksklizyon sosyal e avèk ekite janr an.
- Soutnab. Transfòmè relasyon ant moun yo ak nati a nan dimansyon anbyental, kiltirèl, politik, ak ekonomik.
- Prensip egzijans yo. Enklizyon de tout moun.
- Separasyon avèk yon vizyon itilitaris de milye anbyan an.
- Konstriksyon pouvwa, demokrasi ak patisipasyon de ekite janr yo.
- Respè ak dwa endivizib: milye anbyan, sosyal ak travay, otoreyalizasyon, diferansyasyon kiltirèl, etni-Ras, janr.

## 5. Fòtifikasyon ak atikilasyon enstitisyonèl

- *Sansiblite anè kesyon janr yo nan aksyon evanjelisatris.* Nan tout envestigasyon ke ajan Pastoral reyalize, ki dirije kominote a, ak fanmi yo, reflekte nouvel manyè ke legliz dwe ye, sansib a diferans janr yo.
- *Ekite:* Reponn adekwatman bezwen diferan ak pwoblèm mesye yo ak medam yo, eseye rann moun yo pwisan ki nan sitiyojan dezavantaje pou atenn yon valorasyon sosyal pi simetrik nan de 2 sèks yo.
- *Egalite opòtinite ak trètman:* Nan ekip travay yo, gason ak Fi yo jwi menm opòtinite ak pwomosyon.
- *Temwanyaj:* Sèvi de temwen nan relasyon sa yo ke nou deside konstwi epi garanti sosyete a.

## B). Aks Transvesal.

### 1. Kominikasyon

- Devlope yon kominikasyon ki pèmèt ke yo tandè vwa pòv yo.
- Chèche yon kominikasyon kote tout moun se pwotagonis, ke tout moun se kominikatè.
- Estimile yon fòm de kominikasyon ki pwomouvwa kilti lavi a.
- Pwokire yon kominikasyon ki favorize, nan mond global sa, yon izaj de meyè teknoloji yo tankou konstriksyon pou byen komen tout moun.
- Chwazi :
  - Yon modèl kominikasyon ki asime avèk efikas, entelijans ak pasyon, prensip ak langaj yo nan pespekti janr yo.
  - Medam yo ak mesye yo kòm konsène kominikasyon konkrèt yo. Nou pa vle reprezante vwa sa yo ki pa gen vwa, men nou vle ouvri kanal pou rann demokratik pawòl yo epi tou pwomouvwa ke yo koute tout moun, tout kri, nan yon kontèks plirite kiltirèl ; etnik, epi janr (mmaskilen, feminen)
  - Ankouraje yon kominikasyon, ki sipase senp enfòmasyon an, swa ens-triman efikas de evanjilizasyon epi de ensidans.
  - Kominike pou kenbe enfòm, pou kontajye lòt yo avèk valè evanjelik epi atenn pwòp pwotagnis sosyal ak eklezyal.

### 2. Patisipasyon sitwayen ak ensidans politik

Patisipasyon sitwayen vle di ke plis ke sa nou panse de li, ki se vote moun nou vle ki reprezante nou, nan yon gouvènman. Li vle di de manyè dirèk, egzèsè dwa yo akompli obligasyon pwòp de tout sitwayen.

- *Pwotagonis:* Favorize pwotagonis medam yo ak mesye yo nan espas desizyon yo nan sosyete a (Lekòl yo, Inivèsite yo, asosyasyon yo, pati politik yo, gouvènman lokal yo, rejyonal yo, ak nasyonal yo), pwokire yon patisipasyon kwasan de moun sa yo istorikman ke yo te detwi kote ke pa gen moun ki te pran an konsiderasyon desizyon pa yo.

- *Opòtinite Egal*: Bay priyorite ak patisipasyon egalite nan mesye ak nan medam yo, nan tout enstans kote desizyon ap pran.
- *Pouvwa*: Konstwi gwoup popile ki gen Fòs apati de òganizasyon ak mobilizasyon lokal yo, bay valè ak eksperyans yo ki la deja epi motive konstriksyon nouvo, enkli pespektif janr lan.
- *Souvènte*: A travè de ekite janr an, fotifye souvènte pèp yo, kiltive tradisyon yo, valè yo, kilti yo, etni yo, kòm fòs ak rezistans fas modèl devlopman ki oprime e ki mete moun yo akote yo.
- *Demokrasi*: Kiltive pwosesis de majè patisipasyon tout moun nan milye entèn Karitas (Pwosesi electoral nan diferan nivo, òganizasyon de ekip ak gwoup travay, direktif, konsèy) epi nan espas sosyete a, ki rann posib medam yo ak mesye egal.

# KONKLIZYON

Nou rekonèt ke nou genyen devan nou yon chemen ki trè long pou nou pakouri. Men nou ta renmen ke dokiman sa ki jiskounye a kapab amelyore epi anrichi plis avèk releksyon e ekperyans de Karitas yo e de Relijyon yo, swa yon èd ankò ki anime demach pastoral nan rechèch ki entèg ak pèsèveran de yon majè ekite janr lan. Nou rete kwè avèk espwa, ke amezi ke nou ap avanse nan sèvis sa, anpil moun, gason ak fi, yo sansiblize devan enpòtans rechèch sa epi yo mete yo an aksyon avèk nou pou yon vi jis, diy nan fratenite.

Nou vle ke nan yon ti bout tan oubyen nan yon tan pi long, ke li ta posib :

- Yon dediksyon nan endikatè vyolans yo kont medam yo nan gwoup de baz yo kote aksyon yo devlope de Karita-Pastoral Sosyal.
- Yon alyans avèk lòt òganizasyon ki travay nan menm pespektif.
- Yon mobilizasyon siperyè pou konfime ak konsolidasyon de politik Piblik yo ki pwomouvwa etik janr yo.
- Yon mèyè konpreyansyon kote Karitas-Pastoral Sosyal nan pespektif janr lan yon Amerik Latin ak Karayib la.
- Prezans transvèsal de pespektif janr lan yon aksyon Karitas-Pastoral Sosyal.
- Yon pwotagonis siperyè de medam yo nan òganizasyon entèn yo de Karitas Sosyal ak nan gwoup kominotè yo kote yo devlope aksyon yo.



# REFERANS BIBLIYOGRAFIK

## Dokiman Majiste

- CELAM, Konferans Jeneral Pep la, Dokiman de konlizyon, Buenos Aires, CEA, 1979
- Konferans general Sen Domeng, Dokiman de konklizyon, Buenos Aires, Paulino, 1992
- Konferans Jeneral nan Aparecida, Dokiman de konklizyon, Buenos Aires, CEA, 2007.  
Kongregasyon pou Doktrin de lafwa, Let a Evèk Legliz Katolik yo sou kolaborasyon gason ak Fi nan legliz e nan mond lan. ([http://www.vatican.va/roman\\_curia/congregation/cfaith/documents](http://www.vatican.va/roman_curia/congregation/cfaith/documents))  
Dokiman Konsil Vatikan II, Gaudium et Spes, Madrid, Mesaje, 1974.
- Jan Pol II, Let Apostolik Mulleris Dignitatem, diyite e vokasyon fi nan okazyon lane maryal, Buenos Aires, Paulina 1988.
- Let pou medam yo(ou kapab jwen yo sou sit say yo: [http:// www.vatican.va/holy\\_father/john\\_paul\\_ii/letters/documents/hf\\_jpii\\_29061995\\_women\\_sp.html](http://www.vatican.va/holy_father/john_paul_ii/letters/documents/hf_jpii_29061995_women_sp.html))
- Christifideles Laici ( nou kappab jwen yo sou sit say o: [http://www.vatican.va/holy\\_father/john\\_paul\\_ii/apost\\_exhortation/document/hf\\_jpii\\_exh\\_30121988\\_christifideles-laici\\_sp.html](http://www.vatican.va/holy_father/john_paul_ii/apost_exhortation/document/hf_jpii_exh_30121988_christifideles-laici_sp.html))

## Bibliyografi Jeneral

- AGUIAR, NEUMA, Rio de Janeiro, Rosas dos tempos, 1994
- ALLAHAR, A.L, Women and the family in Cuba:a study across time,Humboldt journal of social Relations,20(1):87-120,1994.
- ARRIAGA, Irmã, dimansyon povrete ak politik nan yon pespektif janr yo, Revi de Kepal,85,avril,pp.101-113,2005.
- AYERBE, Luis Fernando, Occidente e o Resto – Amerik Latin e Karayib nan kilti enperyal. Relatorio final da pesquisa “ A America Latina e o Caribe nan Nova Ordem mundial: um territorio sem utopia?”, Financiada pelo programa de bolsas senior,CLASCSO-ASDI,com aval institucional de FLASCO-Brasil.
- AZCUY, V., “Teyoloji devan defi janr lan” Pwojè 45 (2004) 9-37
- AZCUY,V.,MARCELA,M.;RAIMONDO,N.,Fi ki ap fe teyoloji 2,Antoloji teks Sen Pol, Buenos Aires,2008.
- BARBIERI, M.T., Poitik popilasyon Fi yo: antsedan pou etid li yo, Revi meksikèn de sosyoloji,15(1): 293-308,1983.
- BEDFORD,N.;GARCIA BACHMAN,M.; STRIZZI,M.,(ed.),Pwen rankont, Buenos Aires,ISEDET,2005.

- BRAUN, M., Political attitudes of women in the Southern Cone, *Developman ekonomik*, 31 (124):565-577, 1992.
- CARVALHO, V., CASTRO, I., B., Marco conceitual para o ensino e a pesquisa fundamental-um ponto de vista. *Rev. Bras. Enfermagem*, Brasília, V.38, n.1, pp.76-85, -1985
- Comissão Latino-America e Caribenha de Gênero. *Relatorio de Atividades*, 2005.
- , *Relatório de Reunião Panamá*, 2005.
- , *Relatório de Reunião Sao Luís*, 2006.
- CORPAS DE POSADA I., Jan Pòl II, Bogota, seri teyolojik, 2007.
- DEL OLMO, R., The economic crisis and the criminalization of Latin American Women, *Social Justice*, 17(2):40-53, 1990.
- Dokiman sou vid doktrin sosyal nan legliz ak pespektif janr, 2006.
- GEERTZ, C., A interpretação das culturas, Rio de Janeiro: LTC, 1989.
- GRUN, R. A classe media no mundo do neoliberalismo, en: *Tempo Social*, v.10, I, São Paulo, 1998.
- GUIMARAES, Antonio, Sergio, *Classes, raças e democracia*, São Paulo, v.10, I, São Paulo, 1998.
- GUIMARAES, Antonio, Sergio, *Classes, raças e democracia*, São Paulo, USP/Editora 34, 2202.
- *Racismo e anti-racismo no Brasil*, Sao Paulo, FUSF/Editoria 34, 2005.
- HALL, Stuart, *A identidade cultural na pos-modernidade*, Trad. Silva, Tomaz tadeu da e LOURO, Guarracia Lopes, RJ: DP&A, 2005, 102p.
- HOFFMAN E CENTENA, *Um continente Entortado (America Latina) – Dossie da Dsigualdadde*, en: *Tempo Social*, v.18, Sao Paulo, nov.2006.
- LEME, M.C. & BIDERMAN, C. O mapa das desiduladades no estado de Sao Paulo, *Novos Estudos Cebrap*, 49:181-211, 1993.
- MATALLO Jr., *Dolor y alegría: woomen and social change in urban Mexico*, Madison, University of Wisconsin Press, 1994, cap. I
- PORTES, A & HOFFMAN K., *Latin American class structures: their composition and change during the neoliberal era*, *Latin American Reseach Review*, 38(1):41-82, 2003.
- STOMQUIST, N.P., *Literacy and women in Latin American*, *New Education*, 12(2):31-39, 1990
- Zona Camexpa, *Relatorio do Encontro Zonal Genero*, 2005
- Zona Cone Sul, *Relatorio do Encontro Zonal de Genero e Incidencia*, Out 2005
- Zona Bolivariana, *Relatorio do Encontro Zonal de Genero*, 2005
- Zona Caribe, *Relatorio do Encontro Zonal de Genero*, 2005